# Адыгэ усыгъэм и дыгъэ



Щоджэнцlыкlу Алий

(1900-1941)

**Лэжьыгъэр игъэхьэзыращ:**
**Мудрэн Масират**
**21- нэ еджап1э, Налшык къалэ.**

# Лъэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэт1ылъа



- Адыгэ литературэм и жанр нэхъыщхьэхэр зэзыгъэпэща, литературнэ бзэмрэ усэ гъэпсыкIэмрэ я зэфIэувэныр зэпха Щоджэнцыкiу Алий Асхьэд и къуэр 1900 гъэм Старэ Крепость,жьымкIэ Кушмэзыкъуей, къуажэм къыщалъхуащ.

# Адэшхуэм и гъэф1эн

- 1905 гъэм и адэшхуэ Пщыкъан телъхьэ зыхуэхъуа Алий Бахъсэн къыщызэрагъэпэща  еджап1эм щ1от1ысхьэ,ехъул1эныгъэф1хэр и1эу къеух.



# Щ1эныгъэм хуэпабгъэ



- Щıалэр зыхэдэн щимыгъуэтыххэм Бахъсэн дин ıуэхущапıэхэм щыхурагъаджэ еджапıэм, адэкıэ

Цıагъуэ Нурий Дыгулыбгъуей къыщызэригъпэща еджапıэр

1915 гъэм Буйнакс (Дагъыстаным) еджапıэ курсхэр

1916 гъэм Кърымым Бахъчи-Сэрай педагогическэ училищэм

1917 гъэм нэхъыфıу еджэхэм яхэту Тыркум ягъакıуэ,егъэджакıуэ ıэщıагъэм хуоджэ, япэ усэхэри мыбы щетх»Нанэ»,»Тырку хадэм».

1919 гъэм Къэбэрдейм къегъэзэж.

# Егъэджак1уэ,къэхутак1уэ,лъэпкъ щ1энынгъэл1.



- Лъэпъ щıэныгъэм абы щимыгъэунэхуауэ зы ıэнатıи щыıэжккъым: адыгэбзэкıэ иригъэджащ, школ директору, районом нэхъыщхьэу. Газетхэм щитхырт адыгэбзэм теухуауэ статья куэд.  Йолэжь адыгэ ıуэрыуатэр зэхуэхьэсыным. Щоджэнцıыкıумрэ Кıыщокъуэмрэ тхылъ щхьэхуэу япэ дыдэ къыдагъэкı адыгэ нарт эпосыр, езым щхьэхуэу трырегъадзэ «Адыгэ уэрдхэр».



# Лъэпкъ усыгъэм и налкъут








- Щоджэнцıыкıу Алий етх лъэпкъым гунэс ящыхъуа усэхэр поэмэхэр «Тембот и дыгъуасэхэр» (1933), « Партизан Жамбот»(1934), «Дыщэ нэпсейхэр»(1937), «Мадинэ» (1928), лъэпкъ усыгъэм и налкъут, адыгэ 1уэры1уатэрм и хъыбарыжьхэр лъабжьэ зыхуэхъуа «Къэмботрэ Лацэрэ»романыр. «Къызбрун» оперэм либреттэр егъэхьэзыр.

Лэжьыгъэ хьэлэмэтхэм папщıэ 1939 гъэм искусствэм и лэжьакıуэ пэрытым и цıэр къыхуагъэфащэр, депутату хах.

Къыдолъытэ дэ, нобэрей щıэблэми, дэ къыткıэлъыкıуэнухэми, мы дунейр щытыху,зы адыгэ дунейм тетыху, тщымыгъупщэу тщıэн хуейуэ адыгэ усакıуэшхуэ Щоджэнцıыкıу Алий Хэку зауэшхуэ лъэхъэнэм и къекıуэкıыкıар.





## *Зауэ…*
## *Псалъэ к1эщ1щ ар, зэзуи дыджщ…*

Хэку зауэшхуэм и мафӏэ лыгъейр къыдэзыдза нэмыцэ зэрапхъуэкӏуэхэм зылӏ и быну пэщӏэуващ ди цӏыхухэр. Абыхэм япэ сэтырхэм итт адыгэ лъэпкъым и набдзэ,тхакӏуэшхуэ Щоджэнцӏыкӏу Алий ӏэсхьэд и къуэр.



# Зэманым пэджэжу «1эщэр къафщтэ!»

Мазэ бжыгъэщ Алий и гъащІэм зауэм щиубыдар. А зэман кІэщІым усэ купщІафІэхэр и къалэмыпэм къыщІэкІащ. «1эщэр къафщтэ!»(1941) и усэм щетх:

*УкІкІэ щыкІахэу фашистхэм*

*Уэрщ я кІуэдыпІэр, я лъапсэр.*

усэщІэр зауэр къыщыхъея махуэхэм Алий редакцэм ихьащ.

УсакІуэм цІыхубэр къыхуриджэрт бэнэныгъэ гуащІэм.



# «Шагъдий гъэшхахэм техутэ»

Щоджэнцӏыкӏу Алий и дежкӏэ шэч лъэпкъ зыхэмылъыжщ текӏуэныгъэр дыдей зэрыхъунур.

<u>*Дэращ лъы гъажэм текӏуэнур,*</u>
<u>*Дэращ зи дыгъэр бзий хущхъуэр,*</u>
<u>*Дэращ бэлыхьыр зыгъэсу*</u>
<u>*Насыпым цӏыхур хуэзышэр.*</u>

Мы къэтхьа сэтырхэр къызыхэтха «Шагъдий гъэшхахэм техутэ» усэ гъуэзэдзэр Щоджэнцӏыкӏу Алий итхат июлым и 2-м 1941гъэм.



# «Нырес си псалъэр уи дей»

Хэкур хиутэн мурадкӏэ бийр ди щӏыналъэ дахэм къохьэ. Аращ мыпхуэдэуи щӏитхыр иужьрей дыдэ тхыгъэм ящыщ зым «Нырес си псалъэр уи дей» поэмэм(1941):

*Дэ ди гуфӏэгъуэр тӏихыну*

*Зи къару фӏыцӏи лъэкӏынкъым,*

*Фашист щыкӏахэм я щхъухькӏи*

*Ди хъэуа къабзэхэр утхъуэнкъым!*

Поэмэр тхын иухри, тхакӏуэр сентябрым зауэм кӏуащ.

# Бобруйск къалэм дэта нэмыцэ1уэм

- Щоджэнцıыку Алий сентябрым и 3-м йожьэ здэкıуэну къапэщыт щıыпıэм нэмыблэгъэпау, ıэщэ-фащи кърамытау ар нэмыцэ хьэкıэкхъуэкıэхэм гъэр ящı икıи 1941 гъэм и кıэм Бобруйск къалэм дэта нэмыцэıуэм къэбэрдей усакıуэ гъуэзэджэр игъуэ нэмысу йокıуадэ.



# «Алий и гъыбзэ»



1962 гъэм ноябрым и 20-м Нало З., Къардэнгъущ Зырамыку, усакӀуэм и къуэ Лиуан сымэ зэгъусэу Балъкъэр Михаил-усакӀуэм и ныбжьэгъу, зэгъусэу гъэр хъури концлагерым зэдисам деж щатхыжауэ щытащ «Алий и гъыбзэр», концлагерым щиусар.

Мы гъыбзэр адрей адыгэ и гъусэми зрагъэщӀат, жэщкӀэ зэгъусэу жаӀэрт.



# Адыгэ усыгъэм и дыгъэ

- Ар Бобруйск лагерым зэрисар зы мазэ иримыкъущ. Алий дунеягъэкӀэ илъэгъужакъым псэкӀэ, акъылкӀэ илъэс блыщӀ ипэкӀэ къилъэгъуар. Ауэ усакӀуэшхуэр, лӀыхъужьыр, ноби дигъэӀущу, и тхыгъэ налкъутхэм ди лъэпкъ литературэр лъагэу иӀэту, адыгэ лъэпкъым и лӀыгъэ макъамэр лъэщу иӀэту къытхэтщ.



# Диф1 дгъэлъап1эу псэун лъэпкъ Тхьэм дищ1.

*Щlымахуэ уэсу ди напэр хужьу,*
*Гъэмахуэм и хуабэр ди гум иримыхыу,*
*Бжьыхьэм и бэвыр ди унагъуэ имыкlыу*
*Гъатхэм и уафэ къащхъуэм, щlылъэ щхъуантlэм дыщыщlэращlэу*
*Дифl дгъэлъапlэу псэун лъэпкъ Тхьэм дищl.*

